

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1. Desain Panalungtikan


Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *métode déskriptif*. *Métode déskriptif* mangrupa métode anu dilakukeun ngaliwatan léngkah-léngkah ngumpulkeun data, klasifikasi data jeung analisis/ngolah data sarta nyieun kasimpulan jeung laporan anu tujuanna pikeun méré gambaran ngeunaan hiji kaayaan sacara objéktif dina hiji déskripsi situasi (Mohamad Ali, 1982: 120)

*Métode déskriptif* nya éta métode panalungtikan pikeun nyieun gambaran ngeunaan situasi atawa kajadian, nepi ka ieu métode ngabogaan maksud ngayakeun akumulasi data dasar wungkul (Nasir, 2003: 55)

*Métode déskriptif* nya éta panalungtikan mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul teu nguji *hipotésis*, teu nyieun ramalan, atawa teu meunang ma'na implikasi (Suyatna, 2002: 14)

*Métode déskriptif* miboga ciri-ciri: (1) museurkeun panitén pikeun ngaréngsékeun masalah anu aya patula-patalina dina mangsa kiwari anu aktual tur kapanggih di lapangan; (2) data nu geus disusun dijéntrékeun sarta dianalisis.

Jadi, tujuan dipakéna *métode déskriptif* nya éta pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan basa Sunda dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan dumasar kana kaayaan masarakatna, letak géografisna anu sumebar di éta kacamatan. Di handap geus disusun desain panalungtikan ti mimiti prosés data nepi ka ngolah data.

**Bagan 3.1****Desain Panalungtikan**

Dumasar kana data di luhur bisa disimpulkeun yén populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kekecapan basa Sunda dialék anu aya di Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut. Nu jadi sampel panalungtikan nya éta maké téknik Sampel wilayah (*Area Probability Sample*) nya éta téknik sampling nu dilakukeun ku cara nyokot wakil ti unggal wilayah nu aya dina populasi.

Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun téknik random sampling (sampel acak). Téknik ieu dipaké lantaran populasi anu dijadikeun panalungtikan kacida lobana jeung hétérogén. Ku kituna, supaya meunangkeun data anu saluyu nu dianggap bisa ngawakilan anggota populasi dumasar kana ciri-ciri jeung sipat-sipat nu dianggap mibanda hubungan nu geus dipikawanoh saméméhna. Luyu kana téknik sampel wilayah, panalungtikan basa Sunda dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan anu jadi sampelna aya 5 désa spésifikasina nya éta Beulah Kalér (Désa Situsaeur), Beulah Kulon (Désa Suci), Beulah Kidul (Désa Godog), Beulah Puseur (Désa Karangpawitan), Beulah wétan (Désa Situgedé).

Anu dijadikeun salaku informan panalungtikan dicokot 4 informan ti unggal désa –désa nu jadi sampel random panalungtikan.

- a. Désa Situ gedé
- b. Désa Suci
- c. Désa Situ saeur
- d. Désa Karangpawitan
- e. Désa Godog

### 3.2. Wangenan Operasional

Sangkan luyu jeung tujuan anu geus ditangtukeun, perlu ayana wangenan istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, di antarana:

a) Basa Sunda Dialék

Basa Sunda dialék nya éta ragam basa Sunda nu dipaké ku warga masarakat nu tangtu pikeun ngabédakeun dirina jeung warga masarakat lianna nu natangga tur béda ragam basana tapi raket patalina.

b) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya éta struktur wangun bahan anu digunakeun pikeun ngabantu guru dina kagiatan diajar ngajar di kelas. Bahan anu dimaksud bisa mangrupa bahan tinulis atawa lain tinulis.

c) Kacamatan Karangpawitan

Kacamatan Karangpawitan mangrupa salahsahiji kacamatan anu aya di Kabupatén Garut nu wates wilayahna ti beulah kalér diwatesanan ku Kacamatan Banyuresmi, ti beulah kidul ku Kabupatén Tasikmalaya, ti beulah wétan ku Kacamatan Wanaraja, ti beulah kulon ku Kacamatan Tarogong jeung Garut Kota.

Jadi, anu dimaksud panalungtikan *Basa Sunda Dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA* nya éta panalungtikan ngeunaan sajumlahing kecap basa Sunda anu diparaké ku masarakat di Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA.

### 3.3. Instrumén Panalungtikan

Pikeun meunangkeun data panalungtikan diperlukeun ogé instrumén panalungtikan pikeun ngarojong kana hasil panalungtikan, luyu jeung pamadegan Arikunto (1996: 150) anu nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun hasil data sangkan nalika prak-prakanna leuwih gampang dina ngolahna. Aya dua padoman instrumén.

#### 1) Padoman Interview (wawancara)

Interview sok disebut ogé wawancara nya mangrupa salasihiji téknik ngumpulkeun data anu dilakukeun ku ngayakeun tanya-jawab, boh sacara langsung, boh teu langsung jeung sumber datana (Mohamad Ali, 1982: 83).

Arikunto (2006: 155) nétélakeun wawancara nya éta hiji dialog nu dilakukeun ku pewawancara pikeun meunangkeun informasi nu diwawancara.

**Tabél 3.1**

#### **PADOMAN WAWANCARA**

No	Kandaga Kecap	Dipikawanoh	Dipaké	Kecap Séjén nu Dipaké
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
<b>A. ISTILAH PANCAKAKI</b>				
001	Adi			
002	Adi beuteung			
003	Aki			
004	Anak			
005	Anak lanceuk/ alo			
006	Anak adi/ suan			

## 2) Padoman Quésition (angkét)

Angkét mangrupa salasahiji téknik panalungtikan ano loba saruaan jeung wawancara, iwal dina prak-prakannana nya éta angkét dilaksanakeun sacara tinulis, sedengkeun wawancara dilakukeun sacara lisan (Mohamad Ali, 1982: 87).

Quésition nya éta patalékan tinulis nu digunakeun pikeun meunangkeun informasi ti pamiarsa (réspondén) dina harti laporan ngeunaan pribadina jeung hal-hal nu dipikanyaho (Arikunto, 2006: 151)

Kuésionér nu digunakeun nya éta kuésionér langsung, ku cara ngajawab langsung patalékan ngeunaan dirina. Conto kuésionér bisa katitén di handap ieu.

Angkét:

### Kuésionér Informan

Kampung:..... Désa:.....

Kacamatan: Karangpawitan

Kabupatén: Garut

1. Ngaran:..... Jenis Kelamin: L/P
2. Umur:.....Taun.....Tempat Lahir.....  
(di jero/luar kampung/désa/ kacamatan/ kabupatén)
3. Atikan (pendidikan).....
4. Pakasaban.....
5. Matuh di désa ti mimiti.....
6. Kungsi/teu kungsi cicing di luar désa/kacamatan/kabupatén séjén  
di.....ti mimiti.....Nepi ka.....
7. Kawin/teu kawin
8. Basa nu dipaké di imah
  - a. Basa.....
  - b. Basa.....
9. Basa di masarakat.....
10. Basa di tempat pagawéan.....
11. Basa lain nu digunakeun.....  
Dina kasempetan.....

Wawancara tanggal.....2011

di.....jam.....

Nu ngawawancara.....

### 3.4. Téknik Panalungtikan

Téknik nu digunakeun dian ieu panalungtikan nya éta:

a. Téknik Studi Pustaka

Téknik studi pustaka nya éta téknik nu digunakeun pikeun néangan rupa-rupa téori nu dijadikeun acuan dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan (Suyatna, 2002: 19). Jadi, ayana studi pustaka téh pikeun meunangkeun data ngeunaan téori anu ngarojong kana panalungtikan.

b. Téknik Observasi

Téknik obsérvasi dilaksanakeun sangkan boga gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan daérah anu keur ditalungtik ku jalan *pengamatan* jeung *pencatatan*.

c. Téknik Wawancara

Gorys Keraf (1979: 161) nétélakeun yén wawancara téh hiji cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan méré patalékan-patalékan sacara langsung ka masarakat atawa audiéns nu tangtu., hususna ngumpulkeun data panalungtikan ngeunaan basa Sunda dialék di Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut.

### 3.5. Padika Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data aya sababaraha tahapan anu kedah dipilampah diantarana tiasa katitén di handap ieu:

- a) Ngumpulkeun data;
- b) Ngalaksanakeun obsérvasi;

- c) Ngalaksanakeun wawacara; jeung
- d) Ngainvéntarisir data nu asup;

### 3.6. Padika Ngolah Data

Kegiatan dina nalungtik jeung nganalisis data ngawengku:

- a) Mariksa jeung ngaidéntifikasi data;
- b) Nyieun klasifikasi data dina invéntaris data nu asup;
- c) Nganalisis kecap basa dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan tina data nu aya
- d) Nyirian désa nu ngagunakeun kecap-kecap dialék nu dianalisis;
- e) Nyieun péta géografisna;
- f) Nyieun kacindekan tina hasil analisis papasingan kecap-kecap basa dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan; jeung
- g) Nyieun bahan ngeunaan kandaga kecap basa Sunda diluyukeun jeung SKKD pangajaran basa Sunda.